ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ НӨКИС РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ НУКУС ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

АҚМАНҒЫТ ПОСЁЛКАСЫ, ДАРСАН КӨШЕСИ 32-жай тел: 226-46-56

№ 45/1 «15» «январь» 2018- жыл.

Социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында

Өзбекистан Республикасының “Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында”ғы Нызам (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси 1998 йил 5-6 сон, 97-модда) ның 17-статьясы, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққында”ғы Режеге тийкар социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын районда 2018-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде,

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1.Өзбекистан Республикасының “Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында”ғы Нызамның 17-статьясына тийкар социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мәкемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 66 адамды қурайтуғын 7 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) майыплар ушын 3 пайыз (2 адам);

б) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм майып балалары бар жалғыз ҳәм де көп балалы ата-аналар ушын 7,6 пайыз (5 адам);

в) билимлендириў мәкемелерин питкериўши жаслар ушын 53,0 пайыз (35 адам);

г) муддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын 6,1 пайыз (4 адам);

д) районлық Бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 6,1 пайыз (4 адам);

е) жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки судтың қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар колланылған шахслар ушын 7,6 пайыз (5 адам);

ж) киши жастағы балалары болған ислемейтуғын ҳаяллар 9,1 пайыз (6 адам);

з) социаллық әҳмийетли кеселликлер менен наўқасланған шахслар ушын 3,0 пайыз (2 адам);

и) адам саўдасынан жәбирленгенлер ушын 4,5 пайыз (3-адам) муғдарында жумыс орынлары резерви белгиленсин.

2. 2018-жылда социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў 2017-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 (жигирма бес) пайызы ушын, 2017-жыл 10-апрелинен кешикпей жумыс орынларының қалған бөлгеи 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қәнигеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық нусқаларын районлық Бәнтликке көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

4.Районлық кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелер басшылары социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыска орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққында”ғы Режеге муўапық белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын ҳәм де жумыс орынлары санитария гигиена

талапларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынланыўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

5.Усы шешим орынланыўы тәмийинленбеген жағдайда шөлкемниң лаўазымлы шахсларына “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыска орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби хаққында”ғы Реженің 15-бәнтине муўапық жәрийма салынады.

6.Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыска орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби хаққында”ғы Режеге тийкар социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын бәнт етип қойылатуғын жумыс орынларын район ҳәкими тәрепинен белгиленген муғдардан артықша шөлкемлестирген шөлкемлер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге сарпланған қаржылардың бир бөлегин районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы менен дүзилген шәртнама тийкарында Бәнтликке көмеклесиў орайының жамғарма фонды каржылары есабынан қаплаў ҳуқықына ийе екенликлери есапқа алынсын.

7.Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы баслығы ў.ў.а (Р. Ембергенов) усы шешимди тийисли кәрхана, шөлкем ҳәм мәкеме басшыларына жеткизсин ҳәм де оның орынланыўы үстинен кадағалаўды тәмийинлесин.

8. Нөкис районы ҳәкиминиң 2016-жыл 9-октябрьдеги “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2017-жыл ушын бәнт етип қойыў хаққында”ғы 1236/11-санлы шешими (“Ақманғыт таңы” 21 (4404) 2017- жыл 31- декабрьден өз күшин жойтқан деп есаплансын.

9.Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары И.Мнажовқа жүклетилсин.

10.Бул шешим районлық «Ақманғыт таңы» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди ҳәм ҳәкимлик веб-сайтында жәриялансын.

Нөкис районы ҳәкими: **А. Сейтахов**



Нөкис районы хәкиминиң 2018-жыл
15-январь күнги 45/1 санлы
шешимине 1-қосымша

2018-жылда социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими

№	Кәрхана ҳәм мәкемелер саны	Олардан ислеўшилер саны	Бәнт етилген жумыс орынлары саны		Жәми жумысқаорналасатуғынлар	Квоталанған орынлардан пайдаланыў дәрежеси (%)	Соннан								
			Жәми	Соннан майыплар ушын			14 жасқа толмаған балалары ҳәм майып балалары бар жалғыз ҳәм де көп балалы ата-аналар ушын	билимлендириў мәкемелерин питкериўши жаслар ушын	мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын	майыплар ушын	пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын	жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилгенлер ушын	киши жастағы балалары болған ислемейтуғын ҳаяллар ушын	адам саўдасынан жәбирленгенлер ушын	социаллық әҳмийетли кеселликлер менен наўқасланған шахслар ушын
1	Районлық медицина	584	41	1	41	7,0	1	28	1	1	2	2	4	1	1

	бирлеспеси														
2	Нөкис мәмлекетлик тоғай хожалығы	57	4		4	7,0			1		1	1		1	
3	Нөкис районы жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы	48	3		3	6,3		1	1			1			
4	Қаттыағар Бозатаў ирригация тармақлары басқармасы	117	7	1	7	6,0	1	1	1	1		1		1	1
5	№ 22-санлы мектеп	41	2		2	4,9		1					1		
6	№ 3-санлы мектеп	84	5		5	6,0	2	2			1				
7	№ 4-санлы мектеп	50	4		4	8,0	1	2					1		
	Жәми	**981**	**66**	**2**	**66**	**6,8**	**5**	**35**	**4**	**2**	**4**	**5**	**6**	**3**	**2**

KO'SHIRMESI
DURIS

Нөкис районы хәкиминиң 2018-жыл
13-январь күнги 45/1 санлы
шешимине 2-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша арнаўлы комиссия қурамы

М.Қудайбергенов	Район хәкиминиң орынбасары, комиссия баслығы
М. Өтежанов	Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайының жумыссызларды жумысқа оранластырыў ҳәм социаллық қоллап-қуўатлаў бөлиминиң баслығы, комиссия хаткери
Б.Алламуратов	Районлық Бюджеттен тысқары пенсия қоры баслығы, комиссия ағзасы
М.Сариев	Районлық Бейимлестириў орайы директоры, комиссия ағзасы
П.Ембергенова	Районлық Медицина бирлеспеси бас шыпакери, комиссия ағзасы

Еслетпе: Комиссия ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда оның қурамына сол лаўазымды жаңадан ийелеген шахс киргизиледи.